# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–13 अगस्त 2025** **भोजपुरी समाचार**

देस ओन्यासीवां स्वतंत्रता दिवस समारोह बदे तइयार बाटे। येह मौका पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी दिल्ली में लाल किला के प्राचीर से देस के सम्बोधित करिहें। स्वतंत्रता दिवस समारोह में उत्तर प्रदेस के सथहीं देस के सज्जो राज्यन अउर केन्द्रसासित प्रदेसन क दुइ सौ दस पंचायत नेता खास अतिथि के तौर पर सामिल होइहें। एगो रिपोर्ट–

**इस वर्ष के विशेष अतिथियों में बड़ी संख्या में महिला पंचायत प्रतिनिधि शामिल हैं, जिन्होंने अपनी ग्राम पंचायतों में बेहतर बुनियादी ढाँचा, बेहतर सार्वजनिक सेवाएं और समावेशी सामुदायिक पहल जैसे उल्लेखनीय सुधार लाए हैं। इन विशेष अतिथियों के लिए कल नई दिल्ली में एक औपचारिक सम्मान समारोह आयोजित किया जाएगा। कार्यक्रम के दौरान एआई संचालित सभासार एप्लीकेशन लॉन्च भी किया जाएगा। दीपेंद्र के साथ अमन यादव आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।**

**********

प्रदेस विधानमण्डल के मॉनसून सत्र में आजु विधायी कार्यन के बाद विजन डॉक्यूमेंट–दुइ हजार सैंतालीस पर चउबीस घंटा क बिसेस चरचा सुरू हो गइल। चरचा क प्रस्ताव वित्त अउर संसदीय कार्य मंत्री सुरेश खन्ना विधानसभा में रखलें। एगो रिपोर्ट–

***विजन डॉक्यूमेंट पर चर्चा के लिए प्रस्ताव रखते हुए संसदीय कार्य मंत्री सुरेश खन्ना ने कहा कि आजादी के अमृत महोत्सव के अवसर पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी ने 2047 में विकसित भारत की संकल्पना की है। यह तभी संभव होगा जब यूपी का विकास होगा। इसी क्रम में इस मानसून सत्र के बीच में 2047 के विजन डॉक्यूमेंट पर विशेष चर्चा की जा रही है। वर्ष 2047 तक यूपी गरीबी मुक्त और आत्मनिर्भरता हासिल करने का लक्ष्य है। इसके लिए केंद्र पर निर्भरता कम करनी होगी। राज्य की आमदनी बढ़ानी होगी। आधी आबादी को आत्मनिर्भर बनाना होगा। समाचार कक्ष से विवेक सिंह***

नेता प्रतिपक्ष माता प्रसाद पांडेय विजन डॉक्यूमेंट पर चरचा क समय के चउबीस घंटा से बढ़ावल गइले क मांगि कइलें। येह बिच्चे प्रदेस विधानसभा में मथुरा क श्री बांके बिहारी जी मंदिर क संचालन, संरक्षण अउर सरधालुअन क सुविधा बदे श्री बांके बिहारी जी मंदिर न्यास अध्यादेस–दुइ हजार पचीस ध्वनि मत से पारित हो गइल।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में अपने सरकारी आवास से हर घर तिरंगा अभियान क सुभारम्भ कइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि ऑपरेसन सिंदूर में भारतीय सेना क सौर्य अउर पराक्रम के दुनिया देखले हौ। भारत क सक्ति अउर सामर्थ्य देखि के पूरा दुनिया अचम्भित बाटे। अपने निजी स्वार्थ क तिलांजलि दे के हर परिस्थिति में देस क सम्मान बनावल रक्खल हर भारतीय नागरिक क जिम्मेदारी हौ।

मुख्यमंत्री कहलें कि तिरंगा यात्रा हमनी के भारत माता, भारतीय महापुरूसन अउर वीर क्रांतिकारियन के प्रति कृतज्ञता ज्ञापित कइले क मौका देला। येही क्रम में सुल्तानपुर, बनारस, बलिया अउर जौनपुर जिलो में हर घर तिरंगा अभियान में कई गो कार्यक्रम आयोजित कइल गइल।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एकतीस अगस्त के आकाशवाणी पे मन की बात कार्यक्रम में देस–बिदेस के लोगिन के साथे आपन बिचार साझा करिहें। ई येह मासिक रेडियो कार्यक्रम क एक सौ पचीसवीं कड़ी होई। लोगि येह कार्यक्रम बदे आपन बिचार अउर सुझाव टोल फ्री नम्बर–एक आठ सुन्न सुन्न एक एक सात आठ सुन्न सुन्न पर भेजि सके लें। नरेन्द्र मोदी ऐप चाहे माय जीओवी ओपन फोरम के जरियो से ऑनलाइन आपन बिचार भेजल जा सके ला।

**********

भारत संचार निगम लिमिटेड– बीएसएनएल बनारस क प्रधान महाप्रबंधक अनिल कुमार गुप्ता आजु बनारस में पत्रकार लोगिन से बतियावत कहलें कि स्वतंत्रता दिवस के उपलक्ष्य में बीएसएनएल अपने ग्राहकन बदे फ्रीडम प्लान–वन सुरू कइले हौ। प्लान के तहतं एक रूपिया में नया बीएसएनएल क सिम दीहल जा रहल हौ। सथहीं एक्के रूपिया में मौजूद नम्बर के बीएसएनएल में पोर्ट करौलहू क सुविधा दीहल जा रहल बा।

**********

प्रदेस के कई जिलन में बरखा क सिलसिला जारी बाटे। मौसम विभाग अगिला सोरह घंटा में प्रदेस क आंबेडकर नगर, आजमगढ़, बलिया, भदोही, चंदौली, गाजीपुर, गोरखपुर, जौनपुर, मऊ, मिर्जापुर, प्रतापगढ़, प्रयागराज, सोनभद्र, संत कबीरनगर, सुल्तानपुर अउर बनारस के सथहीं एकरे लग्गे के जिलन में गरज–चमकि के साथे बरखा क सम्भावना जतवले हौ। एकरे सथहीं कुछु जगहिनि पर आकासीय बिजुली गिरलहू क अलर्ट जारी कइल गइल बा।

**********